

Ministère de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux

Bulletin d'Information n°03/2020

Sommaire

1

Célébration de la journée internationale des droits de la femme au Ministère burundais de la justice

Page 1

2

Concours de sélection pour la promotion des magistrats des tribunaux de résidence, édition 2019

Page 2

3

Séance de sensibilisation des justiciables par le service national d'Aide Légale

Page 3

4

L'effectif des condamnés est aujourd'hui supérieur à celui des prévenus dans plusieurs prisons du Burundi

Page 3

Célébration de la journée internationale des droits de la femme au Ministère burundais de la Justice



Le Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux a été couronné à l'occasion de la Journée des Droits de la femme

La fête internationale des droits de la femme, habituellement célébrée le 08 mars de chaque année, a été célébrée le 09 mars au Burundi, dans la capitale politique de Gitega. Les cérémonies du jour ont été présidées par le Président de la République du Burundi Pierre Nkurunziza.

De retour à Bujumbura, le personnel féminin du Ministère de la Justice s'est joint à ses collègues qui n'avaient pas pu se rendre à Gitega, dans une réception qu'elles ont organisées ensemble pour se féliciter les unes et les autres à cette heureuse occasion de la journée dédiée à la femme.

Toutes les allocutions prononcées au cours de cette réception, avaient comme point commun : inviter la femme en général et la femme burundaise en particulier, à lutter à tout moment, en tout et partout, pour les droits de la femme sans toutefois piétiner les droits des hommes ou ceux de leurs conjoints.

Une femme procureur ne doit pas se comporter comme un procureur dans sa famille, mais plutôt elle est appelée à se comporter comme une épouse et une mère, digne de cette famille.

Au cours de cette même réception, des félicitations particulières ont été présentées au Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux Madame Aimée Laurentine Kanyana comme une femme responsable, animée par un esprit de bonne gouvernance.

Comme une femme vaillante, cette fête a été une heureuse opportunité pour être couronnée par ce personnel féminin du Ministère de la Justice. En guise de remerciement, elles lui ont offert une génisse bien portante et lui ont souhaité une vie heureuse et une bonne chance durant le reste de sa vie.

Les cérémonies ont été clôturées dans une ambiance de danses dominée par des chansons burundaises qui glorifient la femme.

Adresse

Siège social du CEDJ, Rohero I,
Av. du Luxembourg N°5
Tél.: +257 68 761 393
E-mail : bulletinminijust@gmail.com

Alexandre MATESO

Concours de sélection pour la promotion des magistrats des tribunaux de résidence, édition 2019



Vue partielle des participants au concours de sélection des magistrats des tribunaux de résidence

Jeudi, le 06/2/2020, le Centre de Formation Professionnelle de la Justice(CFPJ), a organisé un concours de sélection pour la promotion des magistrats des tribunaux de résidence, édition 2019, conformément à l'ordonnance Ministérielle n°550/1793 du 13/9/2019 portant l'organisation de ce concours.

Les candidats devraient être des magistrats affectés dans les tribunaux de résidence et détenteurs de diplôme de licence en droit au moins , ou de tout autre diplôme équivalent, délivré dans les conditions arrêtées par le Ministre en charge de l'Enseignement Supérieur et de la Recherche Scientifique. Grossomodo, il s'agissait d'un concours qui vise le renforcement professionnel dans la magistrature burundaise.

La réussite à ce concours donnera donc accès à une formation de renforcement des capacités en déontologie et pratique professionnelle qui sera sanctionnée par un certificat de réussite. Toutefois, il ne s'agit pas d'un concours de recrutement immédiat comme l'a précisé le Directeur Général de l'Organisation Judiciaire, Monsieur Nestor KAYOBERA. Ces résultats de l'obtention du certificat seront conservés dans la base des données du Ministère ayant la Justice dans ses attributions pour s'en servir chaque fois qu'il s'avèrera nécessaire.

La passation du concours a eu lieu dans les enceintes de l'Institut National de la Santé Publique(INSP) dans la Municipalité de Bujumbura. Les candidats qui s'étaient fait inscrire pour participer à ce concours étaient au nombre de 173.

Alexandre MATESO.

Si vous ne le saviez pas, sachez-le!

Quiconque a utilisé un enfant à des travaux qui, par leur nature ou les conditions dans lesquelles ils s'exercent, sont susceptibles de nuire à sa santé, à sa sécurité ou à sa moralité, est puni d'une servitude pénale de trois à cinq ans et d'une amende de cinquante à cent mille francs burundais. (Article 545 du code pénal en vigueur au Burundi).

Alexandre MATESO.

Séance de sensibilisation des justiciables par le service national d'Aide Légale



Le Chef du service national d'Aide Légale, Madame Christella KANKINDI, explique aux justiciables la procédure judiciaire en matière civile et la compétence des juridictions

En date du 11/02/2020, le Service National d'Aide Légale a organisé une séance d'information en faveur de la population justiciable qui s'était présentée au Ministère de la Justice pour demander des recours extraordinaires. Il s'agissait donc d'une séance de sensibilisation des justiciables sur la procédure judiciaire en matière civile, sur la compétence des juridictions et la procédure d'initier la requête en révision. Ce sont des procédures généralement méconnues par la quasi-totalité des justiciables comme l'a bien précisé le chef du Service National d'Aide Légale, madame Christella KANKINDI.

en rapport avec les exposés suivis. Tous ceux qui ont pris la parole ont avant tout manifesté un sentiment de satisfaction car, ont – ils déclaré, la plupart des questions qu'ils venaient poser au Ministre ont trouvé des réponses très favorables au cours de cette séance pendant laquelle ils ont aussi obtenu deux numéros verts auxquels ils peuvent appeler chaque fois qu'ils auront des hésitations en matière de Justice (Ces numéros téléphoniques verts sont : 410 et 411). Très satisfaits, ces participants ont remercié le Ministre de la Justice pour avoir organisé cette noble séance d'information. Ils voudraient que de telles opportunités soient programmées au moins deux fois par mois.



Sachez que le Service National d'Aide Légale est centré sur deux principaux volets à savoir le volet d'Assistance Judiciaire et celui d'Aide Juridique. Ce premier s'occupe de l'accompagnement des avocats pour permettre aux justiciables démunis d'accéder à la Justice. Tandis que le deuxième volet recouvre surtout les services en rapport avec l'accueil, l'orientation juridique ainsi que les mécanismes relatifs aux règlements des conflits.

Après avoir suivi des exposés présentés par des magistrats chevronnés sur la procédure judiciaire et sur la compétence des juridictions, les animateurs de la séance ont offert une heureuse occasion aux participants pour poser des questions uniquement

Alexandre MATEO.

L'effectif des condamnés est aujourd'hui supérieur à celui des prévenus dans plusieurs prisons du Burundi

En date du 05 mars 2020, la Direction Générale des Affaires Pénitentiaires (DGAP) en collaboration avec le Comité International de la Croix Rouge (CICR), a organisé à Ngozi, un atelier d'évaluation pour se rendre compte de l'état d'avancement de la mise en application des mesures alternatives à l'emprisonnement pour réduire considérablement la surpopulation carcérale au Burundi. Il s'agit d'un projet lancé officiellement par le Ministre de la Justice ; de la Protection Civile et Garde des Sceaux Madame Aimée Laurentine KANYANA, le 19 juillet 2019 à Gitega lors de la célébration de la journée dédiée à Mandela. (Mandela day).

Après ce lancement, la même Direction Générale a organisé des ateliers au cours desquels les participants ont proposé des mesures alternatives légales pouvant remplacer l'emprisonnement pour réduire la surpopulation carcérale. Ces ateliers ont eu lieu dans les Cours d'Appel de la municipalité de Bujumbura et de Makamba. Au cours de ces ateliers, il a été constaté que un des handicaps à la libération de certains prisonniers est que la plupart des détenus étaient des prévenus. Les participants ont proposé que cette situation soit inversée pour que l'effectif des condamnés soit supérieur à celui des prévenus. Dans ce cas, toutes les propositions alternatives à l'emprisonnement pour réduire cette surpopulation carcérale seront applicables.

Au cours de cet atelier de Ngozi, les acteurs de la chaîne pénale des Cours d'Appel de Gitega et de Ngozi, étaient invités pour évaluer l'état d'avancement du projet pour donner davantage leurs contributions pour la réussite de cette noble préoccupation du Gouvernement burundais. A travers un exposé bien fouillé du Directeur du département Administratif et Juridique à la DGAP, monsieur Aloys HABONIMANA, le constat global est que depuis le lancement du projet, la surpopulation carcérale est restée presque la même car les entrées


restent supérieures aux sorties. Seulement, le nombre des condamnés est devenu supérieur à celui des prévenus dans plusieurs prisons. Ce qui est une bonne chose. Il s'agit d'une base fondamentale à partir de laquelle la chaîne pénale va travailler pour gagner ce pari.

Avant de clôturer l'atelier, le modérateur du jour, monsieur Bernard BIZIMANA a demandé avec insistance à tous les responsables de la chaîne pénale, de conjuguer tous leurs efforts pour que cette surpopulation carcérale soit vite réduite au moins à quarante pour cent. Et pour que cela soit faisable, il faut que chaque responsable quitte la routine pour entrer dans la logique (dynamique) du changement.

Yves Kévin IRAMBONA

Comité de Rédaction

1. Monsieur MATEO Alexandre, Directeur des publications et Rédacteur en chef;
2. Monsieur BIGIRIMANA Elianson, Directeur-adjoint et Rédacteur en Chef-adjoint;
3. Monsieur NIKOBAMYE Gilles, Secrétaire de rédaction;
4. Madame NDIZEYE Alphonsine, Secrétaire de rédaction adjoint;
5. Monsieur KAYOBERA Nestor, Coordinateur de la Publication;
6. Monsieur GAHIMBARE Nicodème, Coordinateur adjoint
7. Monsieur IRAMBONA Yves Kévin, Rédacteur;
8. Monsieur GITONYOTSI Joseph, Rédacteur;
9. Madame BANGIRICENGE Agnès, Rédacteur;
10. Monsieur MUHIGIRWA Déogratias, Rédacteur;
11. Monsieur MACUMI Liévin, Rédacteur;
12. Monsieur MANARIYO Désiré, Rédacteur;
13. Monsieur SINDAYIGAYA Michel, Informaticien;
14. Monsieur NDIKUMANA Janvier Infographiste.



Ubushikiranganji bw'Ubutungane, kwubahiriza iteka n'itekane vy'Igihugu no gushingura ikimangu ca Repuburika y'Uburundi

Ikinyamakuru n°03/2020

Ibirimwo

1

Abapfasoni bakora mu Bushikiranganji bw'Ubutungane barahimbarije hamwe umusi mpuzamakungu wahariwe agateka k'umukenyenzi

Ku rupapuro 1

2

Ikibazo co guhiganwa cakozwe n'abacamanza basanzwe bakora mu ma sentere y'intango kugira bazotorwemwo abotera intambwe mu bucamanza

Ku rupapuro 2

3

Igisata c'Igihugu kijejwe gufasha ba ntahonikora mu kubaronsa abashingwamanza bababuranira giherutse kuremesha ikiganiro gitomora neza ububasha bw'amasentare atandukanye n'ingene imanza z'amatazi zunguruzwa

Ku rupapuro 3

4

Ubu henshi mu mabohero yo mu Burundi, igitigiri c'abanyororo bamaze gucirwa imanza kirasumba ic'abafunzwe batarazicirirwa

Ku rupapuro 4

Abapfasoni bakora mu Bushikiranganji bw'Ubutungane barahimbarije hamwe umusi mpuzamakungu wahariwe agateka k'umukenyenzi



Abakenyezi bakora mu Bushikiranganji bw'Ubutungane bariko barakeza Umushikiranganji w'Ubutungane, kubera ari Umukenyenzi w'intwari

Mu gihe umusi mpuzamakungu wahariwe umukenyenzi uhimbazwa buri mwaka kw'igenekerezo ry'umunani ntwarante, uno mwaka mu Burundi wahimbajwe kw'igenekerezo ry'icenda, uhimbarizwa ku mugwa mukuru wa Gitega. Ibirori vy'uwo musu bikaba vyari birongowe n'Umukuru w'Igihugu Petero Nkurunziza.

Bagarutse i Bujumbura, abakenyezi bakora mu bushikiranganji bw'Ubutungane, barategekanije agatutu kugira bifatanye n'abatari bashoboye gushika i Gitega. Eka n'Umushikiranganji w'Ubutungane umupfasoni Aimée Laurentine Kanyana yari yateye iteka abari baje muri ako gatutu. Kaciye kaba akaryo keza ko kwiginana.

Abashikirije amajambo bose ahanini basaba ko agateka k'umukenyenzi kokwama kubahirizwa kurusha uko biri ubu, bongera basaba umukenyenzi wese

kwama agwanira agateka kiwe muri vyose na hose ariko adahonyanze agateka k'abagabo canke ak'uwo bubakanye yitwaje icubahiro c'amabanga ajejwe mu kazi; ahubwo ko umukenyenzi yokwigenza nka inarugo abereye iryo zina. Kabaye kandi akaryo nyamukuru ko gukeza bimwe bidasanzwe Umushikiranganji w'Ubutungane kuko ari intwari mu gutwara neza ubushikiranganji ajejwe.

Abo bakenyezi bakora mu Butungane bahavuye bamwambika urugori, bongera bamugabira inyana y'inka kubera ari umukenyenzi w'intwari baca bamwifuriza kubandanya aronka imigisha mu buzima bwiwe.

Urubanza rukaba rwasozerewe mu kanyamuneza k'indirimo n'intambo z'ikirundi zihayagiza akamaro n'agateka vy'umukenyenzi.

Alexandre MATESO.

Aho candikirwa

Mu kigo CEDJ, Rohero I,
Ibarabara Luxembourg N°5
Terefone: +257 68 761 393
E-mail : bulletinminijust@gmail.com

Ikibazo co guhiganwa cakoze n'abacamanza basanzwe bakora mu masentare y'intango kugira bazotorwemwo abotera intambwe mu bucamanza



Isanamu yerekana igihe abo bacamanza bakora ico kibazo co guhiganwa

Ku musi wa kane igenekerezo rya 06/02/2020, ikigo CFPJ carakoresheje ikibazo c'ihiganwa mu bucamanza basanzwe bakorera mu masentare y'intango nkuko vyari vyanditswe mu ngingo y'Umushikiranganji w'Ubutungane, Kwubahiriza Iteka n'Itekane vy'Igihugu, inomeru 550/1793 ryo ku wa 13/9/2019 ritegeka ikigo CFPJ gutunganya no gukoresha ico kibazo c'ihiganwa.

Abari bemerewe kuja muri iryo higanwa ni abacamanza basanzwe bakorera mu masentare y'intango bafise urupapuro rw'umutsindo rw'amashure ya kaminuza mu gisata c'amategeko canke urundi rwose rungana n'urwo ariko rwemewe n'Ubushikiranganji bw'inyigisho za kaminuza n'ubushakashatsi. Muri rusangi ni ihiganwa ryo kwungura ubumenyi abo bacamanza kuko abazoba barushije abandi bazoca baronswa izindi nyigisho nkarishabwenge, abazosubira kubitora bazoca bahabwa

urupapuro(certificat),rwemeza ko baronse inyigisho n'ubumenyi vyotuma batera intambwe mu vyo guca imanza.Ariko rero si ukuvuga ko abazoronka urwo rupapurorw'ubumenyi bazoca baronswa ubwo nyene akazi kisumbuye kuko barimwo.Ayo manuta bazoba baronse azobikwa neza mu Bushiranganji bujewe Ubutungane, bukazohora buyikorako mu gihe bizoba ngombwa hagakenerwa umucamanza mu kibanza iki canke kiriya.

Mwumenya ko ico kibazo co guhiganwa cakorewe mu nyubakwa z'ikigo c'igihugu citaho amagara y'abantu (INSP), kiri mu gisagara ca Bujumbura.Abari biyandikishije gukora ico kibazo bashika 173.

Alexandre MATESO.

MUKABA MUTARI MUBIZI, BIMENYE!

Uwo wese yakoresheje umwana mu bikorwa uravye uko bimeze canke uburyo bikorwa, bituma amagara, umutekano, canke ubuntu bw'umwana bitosekara, ahanishwa umunyoro uva ku myaka itatu gushika ku myaka itanu n'amande ava ku bihumbi miringo itanu gushika ku bihumbi ijana vy'amafaranga y'amarundi.(Ingingo ya 545 yo mu gitabu mpanavyaha gikoreshwa mu Burundi).

Alexandre MATESO.

Igisata c'Igihugu kijejwe gufasha ba ntahonikora mu kubaronsa abashingwamanza bababuranira giherutse kuremesha ikiganiro gitomora neza ububasha bw'amasentare atandukanye n'ingene imanza z'amatati zunguruzwa



Umukuru w'ico gisata ariko arasigurira ababuranyi ingene imanza z'amatati zunguruzwa

Kw'igenekerezo rya 11 ruhuhuma 2020, igisata c'igihugu kijejwe gufasha ababuranyi ba ntahonikora mu kubaronsa abababuranira (Service National d'Aide Légale), cararemesheje ikiganiro ku bantu bari baje gusaba umubonano Umushikiranganji w'Ubutungane kugira imanza zabo zisubirwemwo. Ico kiganiro ahanini cari cerekeye ububasha amasentare atandukanye afise mu kwakira imanza n'ingene imanza z'amatati zunguruzwa mu gihe bigaragara ko iz'amatati arizo nyinshi muzishingwa nk'uko vyamenyeshejwe n'uwurongoye ico gisata umupfasoni Christella KANKINDI.



Bahejeje kwumviriza izo nyigisho zatomora neza ubwo bubasha bw'amasentare n'ingene imanza z'amatati zunguruzwa, inyigisho zashikirijwe n'abacamanza babunyoye bo mu Bushiranganji bw'Ubutungane,

haciye hatangwa ijambo ku babishaka barashikiriza ivyo biyumvira kuri uwo muco bari bahejeje kuronswa. Abafashe ijambo nka bose babanje gushimira Umushikiranganji w'Ubutungane hamwe n'abaremesheje ico kiganiro kuko benshi ngo baciye bahumvira inyishu zibereye ku bibazo bari baje gutura Umushikiranganji. Baca basaba ahubwo ko ibiganiro nk'ivyo vyotunganywa nka kabiri mu kwezi, ababuranyi benshi mu gihugu bakamenya izo nyigisho z'ukuri. Imbere y'uko ico kiganiro kirangira, harashikirijwe inomeru zo ku buntu umuntu wese afise ikimubakiye mu bijanye n'imanza yohamagarako kugira aronswe umuco. Izo nazo ni 410 na 411.

Mwumenya ko ico gisata gifise amashami abiri : irifasha ba ntahonikora kuronka abababuranira n'irifasha gutanga umuco kubijanye n'ingene imanza z'amatati zunguruzwa.

Alexandre MATESO.

Ubu, henshi mu mabohero yo mu Burundi, igitigiri c'abanyororo bamaze gucirwa imanza, kirasumba ic'abafunzwe batarazicirwa

Kw'igenekerezo rya 5 ntwarante 2020,ubuyobozi bukuru bw'amabohero bwifatanije na komite mpuzamakungu y'ishirahamwe ryitaho imbabare (CICR), bwaratunganije mu ntara ya Ngozi,uruganda rwo kurabira hamwe aho ishira mu ngiro ry'umugambi wo kugabanya ibitigiri vy'umurenge vy'abanyororo mu Burundi ugeze,kuva aho Umushikiranganji w'Ubutungane,Kwubahiriza Iteka n'Itekane vy'Igihugu no Gushingura Ikimungu ca Repuburika y'Uburundi,umupfasoni Aimée Laurentine KANYANA yatanguje ku mugaragaro i Gitega ku wa 19 mukakaro 2019, mu gihe hariko hahimbazwa umusi mukuru mpuzamakungu wahariwe imboneza Mandela.

Kuva ico gihe ubuyobozi bukuru bw'amabohero bwaciye butangura gutunganya inganda zo guhanahana ivyiyumviro ku ngingo zibereye kandi zemewe n'amategeko zoshirwaho kugira zisubirire igihano co gufungwa mu ntumbero yo kugabanya ibitigiri vy'umurenge vy'abafunzwe. Izo nganda zikaba zabereye m ntara zirimwo amasentare asubiramwo imanza ya Bujumbura na Makamba. Kimwe mu vyashikirijwe cotuma uwo mugambi uteba n'uko mu mabohero menshi abatarazicirwa imanza basumba abaziciriwe. Hasabwa ko vyohinduka, abo zacitse bagasumba abo zitaracika. Biri uko uwo mugambi woca uronka aho uhera mu gushirwa mu ngiro. Muri urwo ruganda rero rwatunganirijwe mu ntara ya Ngozi hari hatumiwe abakorera mu masentare asubiramwo imanza ari mu ntara za Gitega na NGOZI. Umuyobozi ajejwe igisata c'Intwari n'ubutungane Aloys HABONIMANA, afatiye ku cegeranyo yakoze mu mabohero yose y'igihugu,yarerekanye neza ko ubu nka hose igitigiri c'abo imanza zacitse gisumba ic'abatarazicirwa. Ariko n'ubu ibitigiri vy'abafunzwe ntibiragabanuka kuko abinjira baguma basumba abafungurwa.

Abari batumiwe muri urwo ruganda barashimye kubona imanza zacitse ari myinshi kuko bizotuma uwo mugambi ugira ico ufatirako mu gushirwa mu ngiro.

Imbere yo gusozera, uwatanga amajambo muri urwo ruganda, Bernard BIZIMANA yasavye ko abegwa n'ico gikorwa bose bokwikebuka bagahindura ingendo, bakava mu vyahora bibabuza kunyarutsa guca imanza, bakamenya ko ibintu bitegerezwa guhinduka ku neza ya bose.

Yves Kévin IRAMBONA

Abagize uruganda rw'iyandikiro

1. MATEZO Alexandre,
Umuyobozi n'Umukuru w'uruganda;
2. BIGIRIMANA Elianson,
Icegera c'Umuyobozi n'Umukuru w'uruganda;
3. NIKOBAMYE Gilles, Umunyamabanga;
4. NDIZEYE Alphonsine,
Icegera c'Umunyamabanga;
5. KAYOBERA Nestor,
Uwujijwe gutunganya ibikorwa;
6. GAHIMBARE Nicodème,
Icegera c'uwujijwe gutunganya ibikorwa
7. IRAMBONA Yves Kévin, Umwanditsi
8. GITONYOTSI Joseph,
Umwanditsi;
9. BANGIRICENGE Agnès,
Umwanditsi;
10. MUHIGIRWA Déogratias,
Umwanditsi;
11. MACUMI Liévin,
Umwanditsi;
12. MANARIYO Désiré,
Umwanditsi;
13. SINDAYIGAYA Michel;
Umuhinga;
14. NDIKUMANA Janvier
Umuhinga.